

BAB I

BUBUKA

1.1. KasangTukangMasalah

KaruhunbangsaIndonésia,hususna urang Sunda, mibanda kabudayaan nu luhung. Kabudayaan éta téh aya nu mangrupa candi-candi, wanganan-wanganan heubeul jeung sajabana, tapi aya ogé warisan budaya nu teu éléh penting, nya éta nu mangrupa tulisan jeung aya ogé nu lisan.

Warisan budaya karuhun nu mangrupa tulisan téh sok biasa disebut ku istilah naskah. Naskah éta umumna ditulis dina wangun hasil karya sastra buhun. Karya sastra buhun biasana masih mangrupa tulisan leungeun (manuskrip) kalayan maké huruf jeung basa daerah, nepi ka can tangtu kabéh jalma bisa maca jeung ngawasa kana eusi éta karya.

Ari warisan budaya karuhun nu lisan mah sok biasa disebut ku istilah folklor, sanajan aya ogé folklor nu satengah lisan jeung lain lisan. Sacara etimologi folklor (*folklore*) téh asalna tina kecap *folk* jeung *lore*. Nurutkeun Alan Dundes (dina Danandjaja, 2002:1-2) *folk* nya éta sakumpulan jalma nu ngabogaan ciri-ciri husus atawa mandiri tina fisikna, sosialna, jeung kabudayaana, nepi ka bisa dibédakeun ti kelompok-kelompok séjénna. Éta ciri-ciri husus téh bisa katitén tina: warna kulit nu sarua, buukna sarua (sajenis), pakasaban nu sarua, bangsa nu sarua, tingkat pendidikan nu sarua, jeung agamana gé sarua. Ngan nu leuwih penting mah ngabogaan tradisi, nya éta kabudayaan nu geus turun-tumurun ti karuhunna jeung geus dianggap nu saréréa. Sedengkeun *lore* mah tradisi *folk*,nya

éta sabagian kabudayaan nu diwariskeun secara turun-tumurun secara lisan atawa ku cara conto nu dibarengan ku gerak isarat atawa alat bantu séjén nu bisa dipaké sangkan teu poho.

Nurutkeun Danandjaja (2002:22) rupa-rupa folklor lisan nu sumebar téh diantarana: *bahasa ra'yat, ungkapan tradisional, pertanyaan tradisional, sajak jeung puisi ra'yat, carita prosa ra'yat, jeung nyanyian ra'yat.*

Hasil karya sastra nu kagolong kana *sajak jeung puisi ra'yat*diantaranapuisipupujian. Puisi pupujian téh minangka hasil karya sastra lisan pangaruh tina agama Islam nu sumebar di masarakat. Nurutkeun Tamsyah (1996:53), puisipupujian téh nya éta puisi buhun anu eusina nyoko kana ajaran agama Islam. Rusyana (1971:12) nétélakeun yén puisipupujian téh nya éta runtuyan kalimah nu eusina ngeunaan pujian jeung du'a ka Gusti Alloh, solawat ka Kangjeng Nabi, naséhat ka umat atawa ajaran agama. Ieu pamadegan ogé diécéskeun ku Iskandarwassid (1992:116-117), puisipupujian téh hiji karya sastra buhun dina wangun puisi (ampir salilana dina wangun syair) nu relatif pondok, nu eusina ngeunaan puji-pujian kana kaagungan Gusti Alloh, solawat ka Kangjeng Nabi, naséhat atawa ajakan ngajalankeun ibadah (solat, puasa, jakat, jeung munggah haji). Biasana sok dikawihkeun atawa dinadomkeun babarengan di masjid-masjid dina waktu ngadagoan solat berjamaah atawa dinadomkeun di majelis ta'lim ku para jamaah pangajian.

Ditilik tina eusina, karya sastra buhun (pupujian) umumna ngandung ajén sastra,upamana nu digambarkéun ku Darma (1981:6), yén karya sastra nu hadé mah sok méré pesen atawa amanat ka nu macana sangkan milampah laku hadé.

Ieu pesen téh nu disebut ajaran moral (étika) sarta karohanian nu ditujukeun pikeun masarakat nu ngarojong kana medalna éta karya sastra. Éta ajén-ajén téh aya dina rupa-rupa aspék kahirupan, upamana baé ajén agama, norma-norma, sosial budaya, politik, ékonomi, jeung filsafat.

Kacida kompleksna aspék kahirupan nu diébréhkeun dina karya-karya sastra hususna karya sastra heubeul. Upamana nu ditétélakeun ku Atar Semi,yén:

“Suatu karya sastra dianggap suatu medium yang paling efektif, moral dan membina kepribadian suatu kelompok masarakat. Moral dalam hal ini diartikan dalam suatu norma, suatu konsep tentang kehidupan yang disanjung tinggi oleh sebagian besar masyarakat” (1984:49).

NyakitudeuiNurgiantoronétélakeun, yén “*Karya sastra senantiasa menawarkan pesan moral yang berhubungan dengan sifat luhur kemanusiaan, memperjuangkan hak dan martabat manusia*” (1995:322).

Dina aspék kahirupan, hususna agama, ajén moral nu pangjéntréna aya dina karya sastra. Dina kontéks karya sastra, ajaran moral minangka eusina. Ieu ajaran moral téh hiji hal nu hayang ditepikeun ku sastrawan ka nu maca ku cara karya sastra nu ditulisna. Ajaran moral dijadikeun pesen nu langsung ditujukeun ka nu macana. Upamana dina téma, ajaran moral nu bisa kacangkem téh ku cara nafsirkeun carita. Ieu téh minangka pituduh praktis ngeunaan rupa-rupa perkara nu aya hubunganana jeung masalah kahirupan, upamana sikep, tingkah laku, jeung adab sopan santun dina hirup kumbuh di masarakat. Sakumaha nu diécéskeun ku Mangunjaya (1994:16).

“Moral dalam karya sastra atau hikmah yang akan disampaikan oleh sastrawan selalu dalam pengertian yang baik karena pada awal mula semua karya sastra adalah baik”.

Sastra daerah téh minangka pangrojong ngeuyeuban mekarna kasusastraan Nusantara. Salian ti éta ogé, sastra daerah téh gambaran pamikiran masarakat nu ditepikeun maké basana séwang-séwangan. Bédana jeung sastra Indonesia ngan dina basana wungkul, jeung moal jauh béda mun urang ningali sasaruanana téh minangka karageman budaya daerah.

Sastra dina basa Indonesia ngabogaan fungsi minangka lambang *kenasionalan* jeung lambang *persatuan*. Ari fungsina sastra daerah mah pikeun ngamumulé basa daerah, ungkara pikiran, idé, jeung ajén-ajén budaya, sarta bakal jadi ciri hiji daerah tempat éta karya sastra hirup ku cara ciri utamana nya éta basa.

Ajén-ajén nu aya dina sastra daerah teu jauh béda jeung ajén-ajén nu aya dina sastra Indonesia, malahan bisa ogé disebutkeun sadarajat. Sakumaha nu diécéskeun ku Rusyana (1976:6), yén;

“Nampak bahwa dalam karya sastra daerah terkandung muatan nilai-nilai moral. Dalam sastra-sastra daerah, dalam wujud ekspresi estetik itu tersaji pula nilai-nilai etik. Dari pembacaan cerita rakyat, berupa mithe, legenda, dan dongeng, kita dapat mengekspresikan nilai-nilai moral yang terpadu secara halus di dalamnya. Begitu juga di dalam hikayat, syair, pantun serta jenis sastra lama lainnya, serta selanjutnya dalam novel, cerita pendek, drama dan puisi modern, niai moral itu terungkap”.

Di Garut, hususna masarakat Karangpawitan, aya tradisi nu masih lumangsung tur masih dimumulé. Ieu tradisi téh dina wangun sastra lisan nu disebut pupujian.

Pupujian minangka salah sahiji sastra daerah dina wangun puisi buhun tur sumebar dina media lisan (sastra lisan) sarta masih dimumulé nepi kiwari.

Ieu pupujian téh minangka alat da'wah Islam nu éfektif jeung éfisién, lantaraneusinapupujiannyaritakeunngeunaanajaran-ajarankaagamaanjeungajaran moral.

Manusa salila hirupna bakal diuji kaimanan jeung katakwaanana ka Gusti Alloh.Nu pinterdiujikukapinteranana, kitudeui nu bododiujikukabodoanana. Nu beunghargédiujikukabeungharanana, miskinmahdiujikukamiskinanana.Réa élmukapinterananadipakénipubatur, bodokatotoloyoh, antuknamawacilaka.Nu kaya ngarasalebarkupakayana, boga rasa meunang cape sorangan, lebarmundibikeunsabahagianhartanapikeun miskinpuguhningloba cilakangajualimannalantaramalaratteunyingkah-nyingkah. Cindekna bakal diuji sagala rupana.

puguh nu
nu pinterkabalinger,
Nu tungtungnajadiélmuajug.
nu embungtatanyangarasabenerceukpangrasa,
nu hakna.Nu
teusabar,
manusa

Ku kituna, ieu pupujian téh perlu ditalungtik sabab ngadung ma'na nu jero dina unggal padana nu bisa dijadikeun papagon pikeun kahirupan manusa.

Salian ti éta ieu panalungtikan téh bisa nyalametkeun karya sastra sangkan teu tumpur, utamana karya sastra buhun. Tumpurna karya sastra buhun téh ngadung harti leungitna ajén sejarah jeung leungitna ajén budaya nu kawilang gedé hargana, boh pikeun waktu kiwari boh pikeun waktu nu bakal datang. Dina karya sastra buhun euyeub pisan ku pamikiran nu jembar jeung cita-cita nu luhung. Ieu pamikiran jeung cita-cita téh minangka warisan pikeun ngaronjatkeun jeung ngamekarkeun budaya bangsa Indonesia.

Di sagigireun éta pupujianogé bisa dijadikeun bahan pembelajaran disakola, dumasar kana Peraturan Daerah provinsi Jawa Barat No. 5 Taun 2003 ngeunaan Pemeliharaan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Daerah, nu netepkeun basa daerah, diantarana basa Sunda, diajarkeun dipendidikan dasar di Jawa Barat. Éta kawijakan sajalan jeung UU No 22/1999 ngeunaan Pamarentah Daerah jeung UU No. 20/2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional nu sumberna tina UUD 1945 ngeunaan Pendidikan jeung Kabudayaan, sajalan ogé jeung rékoméndasi UNESCO taun 1999 ngeunaan *pemeliharaan bahasa-bahasa ibu*, jeung Peraturan Pamarentah Republik Indonesia No. 19 Taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan, Bab III pasal 7 Ayat 3-8, nétélakeun yén ti SD/MI/SDLB, SMP/MTs./SMPLB, SMA/MAN/SMALB, jeung SMK/MAK dibéré pangajaran muatan lokal nu relevan,bisa dijadikeunogé sumber inspirasi pikeun sastrawan modern sangkan jadi bacaan nu boga kualitas hadé jeung relevan pikeun dunya atikan, sarta jadi bahan apresiasi sastra.

Ku ayana hal éta, pupujian téh perlu ditalungtik, kucara nganalisis strukturna (téma, rasa, nada, jeung amanat).

Objék anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta ajén budaya, hususna ajén moral (étika), nu diébréhkeun dina pupujian nu sumebar di wilayah Karangpawitan Garut.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur ieu panalungtikan diwatesan masalahna, nya éta medar struktur (téma, rasa, nada, amanat) jeung ajén moral nu aya dina pupujian masarakat Karangpawitan Garut.

1.2.2. Rumusan masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) Kumaha struktur puisipupujiannu aya dina pupujian masarakat Karangpawitan Garut?
- 2) Ajén moral naon baé nu aya dinapuisipupujian masarakat Karangpawitan Garut?
- 3) Naon nu jadi ciri tradisi lisan dina pupujian masarakat Karangpawitan Garut?
- 4) Naonfungsinapupujian nu aya di masarakat Karangpawitan Garut?
- 5) Naha puisipupujianbisadijadikeunbahanaajar di sakola?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan nya éta, pikeun:

- 1) Ngadéksripsiéun kumaha struktur puisipupujiannu aya dina pupujian masarakat Karangpawitan Garut;
- 2) Meunangkeun gambaran ngeunaan ajén moral nu aya dina puisipupujian masarakat Karangpawitan Garut;
- 3) Meunangkeun gambaran ngeunaan naon nu jadi ciri tradisi lisan dina pupujian masarakat Karangpawitan Garut;

- 4) Meunangkeun gambaran ngeunaanfungsipupujian nu aya di masarakat Karangpawitan Garut;
- 5) Maluruhkontribusinapuisipupujiankeurbahanajar di sakola.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa aya mangpaatna, upamana ieu di handap:

- 1) Pikeun panalungtik, mangrupa input enggonging ngaguar salah sahiji kajadian dina dunya kasusastraan;
- 2) Pikeun nu maca, ku ayana ieu panalungtikan bisa nambahana pangaweruh dina hal moral anu dianggap penting salaku manusa anu mibanda darajat luhur di antara mahluk séjénna;
- 3) Pikeun ngamekarkeun sastra lisan, hususna pupujian;
- 4) Pikeun nambahana kareueus jeung ngamumulé kana kabudayaan, hususna tradisi lisan urang Sunda;
- 5) Pikeun ngajembaran jeung ngeuyeuban dunya sastra lisan nu aya di Nusantara;
- 6) Pikeun dunya atikan, bisa dimangpaatkeun minangka bahan pembejaran muatan lokal ngeunaan tradisi jeung adat istiadat;
- 7) Bisa dijadikeun sumber inspirasi pikeun sastrawan modern sangkan jadi bacaan nu boga kualitas hadé jeung relevan pikeun dunya atikan, sarta jadi bahan apresiasi sastra;
- 8) Bisa jadi alat da'wah Islam nu éfektif jeung éfisién.

1.4. Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa dasar panalungtikan anu gunana pikeun cecekelan utama. Anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh diantarana:

- 1) Pupujian téh hiji karya sastra buhun anu ditulis dina wangun puisi.
- 2) Struktur puisipupujian nu diwangun ku téma, rasa, nada, jeung amanat.
- 3) Pupujian mibanda ajén moral nu luhung anu bisa méré sawangan ngeunaan kahirupan sastra dina jaman harita.
- 4) Pupujiantéhngabogaanmangpaatpikeunmasarakat Karangpawitan Garut
- 5) Pupujianbisadijadikeunbahanajar di sakola.

1.5. Wangenan Operasional

- 1) Ajén

Nurutkeun Bertens (1994:139) nu disebut ajén téh nya éta hal anu narik ati, anu ditéangan, anu matak nyenangkeun, anu matak dipikaresep, jeung dipikahayang, singgetna mah hal anu hadé.

- 2) Moral

Moral téh nya éta hiji hal nu mibanda harti sarua jeung ajén-ajén, norma-norma anu jadi hiji patokan pikeun manusia dina ngajalankeun kahirupanana (Bertens, 1994:7).

3) Pupujian

Rusyana (1971:12) nétélakeun yén pupujian téh nya éta runtusan kalimah nu eusina ngeunaan pujian jeung du'a ka Gusti Alloh, solawat ka Kangjeng Nabi, naséhat ka umat atawa ajaran agama. Biasana sok dikawihkeun atawa dinadomkeun babarengan di masjid-masjid dina waktu ngadagoan solat berjamaah atawa dinadomkeun di majelis ta'lim ku para jamaah pangajian.

4) Struktur Puisi

Iskandarwassid (1992:149) nétélakeun yén struktur dina karya sastra téh susunan komponén-komponén (unsur-unsur) karangan. Unsur éta téh bagian-bagian pangwangun hiji puisi (wangun ugeran). Éta bagian-bagian gumulung enggonging ngawujudkeun wanguan puisi nepi ka ngawujud jadi karya sastra nu gembleng tur ngabogaan ma'na. Nya éta: téma, rasa, nada, jeung amanat.

5) Ciri Tradisi Lisan

Tradisi lisan ngabogaan sifat tradisional nu sumebar dina wangu nu rélatif angger atawa dina wangu nu standar. Sumebarna di antara kumpulan nu tangtu dina waktu nu cukup lila (paling sakeudeung dua generasi). Sumebar tur diwariskeun sacara turun-tumurun, tatalépa ku cara media lisan atawa ku cara conto nu dibarengan ku gerak isarat atawa alat bantu (pingingat) séjén nu bisa dipaké sangkan teu poho ti hiji generasi ka generasi satulunya.

1.6. Métode jeung Téhnik Panalungtikan

Surakhmad (1983:21) nétélakeunyénmétode panalungtikannyaétacarautamaanu digunakeunpikeunngahontalhijitujuan. Dumasar kana tujuan nu barisdihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif.

Métodedéskriptiftéhmangrupahijimétodeanudinapraknahenteukawatesank ungumplkeun data wungkul, tapingawengkuanalisis, klasifikasijeunginterpretasi, nurutkeunWinarnodina (Eriswati, 1999:28) nyaéta data nu asupdicatet, dianalisis, satuluynadikanatabélkeun. Dicokotkacindekan-kacindekandumasar kana tabélhasilpanalungtikan.Sedengkeun téhnik anu digunakeun nya éta téhnik studipustaka, survéy, ngarekam, wawancara, jeung analisis data.

1.7. Data jeung Sumber Data

Nu jadi data dina ieu panalungtikan nya éta pupujian nu sumebar di lingkungan kahirupan masarakat Karangpawitan Garut. Nu jadi sumber data dina

ieu panalungtikan nya éta sakabéh masarakat Karangpawitan Garut. Kriéria informan dina ieu panalungtikan minimal: tokoh agama, santri, nu ngurus pasantréń, nu ngurus masjid, seniman, jeung warga masarakat Karangpawitan Garut.

